

Nèf Eleman Ki Favorize yon Parantalite Pozitif



Lè w gen moso sereyal nan cheve w oswa lè wap tande rèl yon timoun ki refize monte machin nan, tèm "parantalite pozitif" la ka fè w sere dan w ak woule zye w. Men parantalite pozitif la pa vle di pou toujou pafè, pou toujou ap souri oswa pou gen foto Instagram ki pi bèl la. Parantalite pozitif la eksplike kisa paran yo fè chak jou—ki gen ladan difikilte yo simonte—epi ki ba w yon ide sou tout bagay.

Men nèf eleman enpòtan ki favorize yon apwòch pozitif pou parantalite:

- 1. Devine pwendvi pitit ou a, espesyalman pandan moman difisil yo.** Nou tout nou vle kenbe sanfwa nou! Pafwa li itil pou sonje ke pwendvi pitit ou a diferan anpil parapò ak pa w la. Li vreman devaste lè l wè li pa ka mete sandal lè lanèj ap tonbe. Di tèt ou, "Li piti e li poko fin aprann," oswa "Li gen 2 zan sèlman."
- 2. Rekonèt epi selebre pwen fò, aptitud ak kapasite pitit ou a genyen pou l aprann ak grandi.** Chak timoun inik, lap grandi ak aprann nan pwòp vitès pa l. Petèt pitit fi w la se yon gwo eksploratris ki gen lodas ki lanse l nan tout bagay, oswa pitit gason w nan rete nan li menm pou jiskaske li abitye ak yon moun. Fè yon efò konsyan pou w dekouvri pitit ou a tout bon vre. Premye bagay chak timoun bezwen se yon moun ki fou pou yo.
- 3. Pwofite moman koneksyon yo avèk pitit ou a.** Li fasil pou distrè akòz lavi toulejou paran yo: vesèl, lesiv, syès ak tranzisyon soti nan yon aktivite pou ale nan pwochen an. Sonje pou pran poz ak pou fè yon kontak vizyèl avèk li lè wap mete l nan chèz machin nan. Ba li gwo souri lè li vle montre w yon bagay epi fè kalen pou li pandan wap li yon liv. Se maji sa a nou ka jwenn lè nou fè yon ti plas pou lanmou ak koneksyon nan lavi toulejou a.
- 4. Reponn pitit ou a avèk enterè epi ak sansiblite fas ak sinyal li yo.** Chak timoun kominike bezwen yo yon fason diferan. Pran tan pou gade ak aprann siyal ak kominikasyon anseye pitit ou a ke li enpòtan epi ke yo renmen l. Tibebe w la gendwa fè w konnen li bezwen yon poz lè li vire tèt li. Timoun piti w la gendwa fè w konnen sant komèsyal la gen twòp estimilasyon lè li gen yon kriz kòlè nan zòn manje a. Lè w reyaji avèk otan sansiblite ou kapab nan moman sa yo, sa ka rasire w ke tibebe w la jwenn sa li bezwen nan men w.

Nèf Eleman Ki Favorize yon Parantalite Pozitif

5. Bay direktiv, limit ak fwontyè ki klè, ki adapte ak laj li. Parantalite se yon konbinezon edikasyon ak estrikti. Tout timoun bezwen yo oryante yo sou fason pou yo konpòte yo. Lè w mentni woutin ki previzib ak lè w fikse limit ki byenveyan, ki fèm, sa ede tout bon vre. Pitit ou a gen plis chans pou li kopere ak enstriksyon w si w akwoupi nan wotè l, si w gade l nan zye, epi si w mete men w sou zepòl li anvan ou di l li lè pou chanje daypè a.

6. Rekonèt epi kontwòle pwòp santiman ak konpòtman pa w anvan ou reponn pitit ou a. Sa parèt tankou se bon sans, men li pi difisil ke sa anpil nan nou ta panse. Jèn timoun yo se gwo emosyon yo ki dirije yo tou natirèlman. Antanke paran (ak modèl) nou pi efikas lè nou pran respirasyon pwofon ak kalme tèt nou anvan nou fè fas ak konpòtman yo.

7. Ou dwe konnen ke sa ka estresan lè w se paran epi erè se yon pati ki nòmal nan edikasyon timoun. Nou pa ka kalm, koul ak rilaks tout tan. Ap toujou gen moman kote nou pèdi kontwòl nou. Mande eskiz lè w antò epi mete bagay yo nan plas yo se pati nan bati yon relasyon, epi li ede timoun aprann kijan pou yo fè lè yo vin pi gran.

8. Eseye jwenn yon ekilib ant bezwen w yo ak bezwen pitit ou a. Pa bliye tèt ou! Li tèlman fasil pou w kite w sibmèje akòz egzijans wòl paran ke ou ka bliye pran swen tèt ou. Planifye pou pran poz pandan jounen an; menm si se de minit respirasyon pwofon, li ka ede. Epitou, prete atansyon ak bezwen w genyen pou w sosyalize, pou w dòmi, pou w fè egzèsis ak pou manje.

9. Chèche èd, sipò oswa enfòmasyon adisyonèl sou edikasyon timoun lè ou bezwen sa. Ofinal, chak paran vin tonbe sou yon pwoblèm difisil nan zafè edikasyon timoun. Timoun bezwen anpil bagay nan men adilt yo epi paran yo tiraye nan divès direksyon diferan. Pa pè mande zanmi w, fanmi w oswa pwofesyonèl yo èd. Tout paran bezwen—ak merite—sipò.

Anjeneral, li itil lè w gen yon vizyon alontèm. Lè w se paran se yon maraton, se pa yon kous vitès. Ap toujou gen erè ak fo pa, men lè w se paran sa vle di anpati ke w rekonèt lè bagay yo pa mache byen epi reyaji ak lanmou pou repare relasyon an. Sa se parantalite pozitif ann aksyon.

Atik sa a se estaf ki nan depatman Resous Parantal ZERO TO THREE a ki ekri l. Definisyon parantalite pozitif ke yo dekri anwo a devlope gras ak yon komite ZERO TO THREE ki gen ladan manm estaf la, Manm Konsèy Administrasyon yo ak Bousye yo. Copyright ZERO TO THREE 2018.